

BAB 1

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Nurutkeun Didin Syarifuddin (2016:54) Jawa Barat mangrupa kumpulan sababaraha jenis alam nu éndah ku daya tarik budaya. Budaya nu ditunjukeun ngaliwatan aneka ragam kasenian nu di pentaskeun.

Budaya téh sok dipatalikeun jeung idéntitas bangsa. Unggal daerah biasana miboga ciri has séwangan-séwangan. Kitu ogé Jawa Barat, identik jeung budaya Sunda. Ayana ieu budaya téh lantaran kagambar jeung kaekspresikeun tina kabiasaan-kabiasaan anu mindeng dilakonan ku masarakatna, upamana baé kasenian, upacara adat, agama, teknologi, nepi ka pakakas nu dipaké sapopoé.

Ari kabudayaan téh mangrupa salah sahiji widang nu aya dina kahirupan nu moal leupas ti pangaruh globalisasi. Éta pangaruh globalisasi téh méré efék positif jeung négatif, dampak positifna yén hirup sarwa gampang dina patukeur budaya internasional, jeung ngamunculkeun pembaharuan kesenian. Sedengkeun dampak négatifna lunturna ajén-inajén kaagamaan, jeung tumpurna seni tradisi.

Barang atawa hal naon baé nu sipatna tradisional pada naringgalkeun, masarakat leuwih resep kana budaya modern. Ku teu wanohna masarakat kana kesenian tradisional tinangtu bakal ngabalukarkeun kurang ngirutna masarakat kana éta kasenian. Komo dirojong deui ku robahna jaman, otomatis kasenian gé milu robah béda jeung aslina. Ku kituna, pamaréntah jeung masarakat perlu narékanan sangkan seni tradisi bisa hirup jeung huripna. Kudu aya tarékah sangkan kesenian tradisional teu kaséréd ku kasenian modern tur bisa ngajaga kaaslianna (originalitas), sabab ilaharna dina unggal kesenian tangtu miboga ajén anu nyamuni di jerona, di antarana aya ajén kabudayaan, ajén kaagamaan, jeung ajén kaéndahan. Ku lantaran kitu nilik kana kabeungharan ngeunaan ajén-inajén anu nyangkaruk dina kesenian Terbang buhun, perlu diguar jeung dipedar eusina sangkan masarakat weruh.

Nurutkeun Moch. Cahyo (2015:94) kesenian mangrupa salah sahiji unsur budaya nu mangrupa sarana keur ngaékpresikeun rasa kaéndahan nu aya dina jiwa manusa. Seni Terbang buhun mangrupa seni pintonan rakyat nu ngabogaan sababaraha istilah *terbang gedé*, *terbang gebés*, *terbang ageung*. Baheulana ieu

kasenian téh dijadikeun ogé sarana (media seni) dakwah nyebankeun agama Islam ku cara ngalagukeun syair lagu-lagu nuasa Islam (*pupujian*). *Terbang* dipidangkeun oge dina upacara nya eta saperti ngaruwat, sukuran, jrrd (wawancara, juli 2019).

Struktur pintonan terbang dina upacara ngaruat atawa hajatan ampir sarua, nyaéta dimimitian ku *ijab-qobul* nu diucapkeun ku *saehu*. Upacara *ijab-qobul* ieu dilaksanakeun di jero imah kalawan disaksian ku kulawargi nu ngabogaan maksud. Sanggeus eta *saehu* jeung panayagan pindah ka arena pintonan nu tempatna di buruan. Dina ngamimitian manggung ku lagu bubuka *Kidung Rahayu, Kembang Gadung, Wangsit Siliwangi, jeung Tepang Sono*.

Terbang téh nyaéta salah sahiji kasenian anu leubeut ku aspek spiritual. Jaman baheula ku sepuh-sepuh baheula mah kesenian terbang téh sok dipaké ruwatan, hajat buruan, hajat lembur. Dina jaman globalisasi ayeuna mah minat masyarakat kana ieu kasenian terbang buhun téh kiwari beuki ngurangan, padahal ieu kasenian miboga nilai filosifis nu hadé. Ku kituna, nu nalungtik ngarasa kataji pikeun nalungtik sabab dina ieu kasenian ngandung unsur-unsur Islami nyaéta syair lagu-lagu nuasa Islam (*pupujian*) jeung sholawatan.

Ku ayana ieu panalungtikan, dipiharep masarakat anu aya di Kabupatén Bandung bisa leuwih mikawanoh kana kasenian terbang buhun. Masarakat bisa weruh kana ajén éstética jeung unsur sémiotik nu nyampak dina kesenian Terbang buhun anu jadi ambahan dina judul ieu panalungtikan. Umumna ka masarakat nu aya di Tatar Sunda sangkan wanoh kana kasenian terbang buhun. Data hasil panalungtikan bisa dijadikeun sawangan sarta gampang nalika néangan informasi ngeunaan kesenian Terbang buhun. Mudah-mudahan ieu kasenian henteu tumpur kakubur ku jaman.

Para nonoman dipiharep mikawanoh sarta weruh kana budaya nu aya di Tatar Sunda. Lain saukur wanoh kitu baé, tapi kudu apal sarta weruh kana ajén-inajén anu nyangkaruk boh kana tradisi boh kana kasenianana.

Salian ti para nonoman salaku cikal bakal, anu dipiharep bisa ngamumulé budaya katut kasenian anu aya di jerona nyaéta pamaréntah. Pamaréntah ogé kudu miboga tarékah kumaha carana sangkan budaya nu aya di Indonésia tetep aya. Éta

hal salah sahijina katitén dina diterapkeunna pangajaran basa Sunda di lembaga atikan formal (sakola).

Pangajaran basa Sunda téh nyoko dina *Kompetensi Inti jeung Kompetensi Dasar (KIKD) Kurikulum Tingkat Nasional 2013 Draft 2* di kelas VIII SMP yén diajarkeun perkara maca artikel ngeunaan seni budaya Sunda.

Panalungtikan anu ngaguar budaya hiji daerah geus réa ditalungtik ku mahasiswa anu boga minat kana Kasenian. Ieu di handap baris ditataan judul-judul skripsi ngeunaan Kasenian :

1) *Ajén Éstética dina Kasenian Buta Daor di Dusun Cimedog Désa Panjalu Kecamatan Panjalu Kabupaten Ciamis pikeun Bahan Pangajaran Maca Bahasan di SMA kelas XII*, ku Lisa Aprisa Kartikasari taun 2016.

2) *Ajén Éstétis dina Kasenian Pencak Silat Cakar Kumbang Kencana di Kampung Nyingkir Desa Cihideung Kacamatan Parongpong Kabupaten Bandung Barat pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMA Kelas XII*, ku Tiya komalasari taun 2013.

3) *Kesenian Gondang Buhun di Kampung Kuta Désa Karangpaninggal Kacamatan Tambaksari Kabupaten Ciamis pikeun Bahan Pangajaran Maca di Kelas XII SMA: Ulikan Sémiotik*, ku Diah Ulfa taun 2017.

4) *Ajén Réligi dina Kasenian Hadro Di Désa Jagabaya Kacamatan Panawangan Kabupaten Ciamis Pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Budaya Di SMA: Ulikan Semiotik*, ku Encep Nurhidayat taun 2017

5) *Ulikan Sémiotik dina Kasenian Topéng Kaléng Sinar Pusaka Layung Kuning di Désa Tegalsari Kecamatan Purwasari Kabupaten Karawang Pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Budaya di Kelas XII SMA*, ku Desy Ratnasari taun 2017.

Sanajan saméméhna loba panalungtikan ngeunaan kesenian, tapi anu nalungtik ngeunaan ajén éstética jeung unsur sémiotik anu nyangkaruk dina kesenian Terbang buhun Kecamatan Majalaya Kabupaten Bandung mah can kungsi jadi objék panalungtikan. Ku kituna, panalungtik ngarasa perlu ngalaksanakeun ieu panalungtikan anu nyoko dina ajén éstética jeung unsur sémiotik dina kesenian Terbang Buhun.

Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang anu diébréhkeun saméméhna, sangkan ieu panalungtikan leuwih museur, perlu diwatesanan. Ieu panalungtikan téh rék difokuskeun kana aspek éstética jeung unsur sémiotik anu ngancik dina kesenian Terbang buhun di Kecamatan Majalaya Kabupatén Bandung. Tina hasil kajianana bakal dipatalikeun jeung larapna pikeun bahan pangajaran artikel budaya di SMA.

Dumasar téori di luhur masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun jadi wangun patalékan ieu di handap.

- 1) Kumaha sejarah, fungsi, jeung tujuan kesenian Terbang buhun di Kecamatan Majalaya?
- 2) Kumaha Pakakas jeung prak-prakan dina kesenian Terbang buhun di Kecamatan Majalaya?
- 3) ajén éstética naon waé nu nyampak dina kesenian Terbang buhun di Kecamatan Majalaya?
- 4) unsur sémiotik naon waé nu nyampak dina kesenian Terbang buhun di Kecamatan Majalaya?
- 5) kumaha larapna hasil panalungtikan kesenian Terbang buhun lamun dijadikeun alternatif bahan pangajaran maca artikel budaya di SMA?

1.2 Tujuan Panalungtikan

Dina hakékatna unggal panalungtikan miboga tujuan. Tujuan nyaéta hal anu hayang kahontal nalika ngayakeun panalungtikan. Saluyu jeung watesan sarta rumusan masalah di luhur, ieu panalungtikan miboga tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun mikanyaho sarta ngaronjatkeun pangaweruh ngeunaan budaya Sunda, hususna dina acara kesenian Terbang buhun nu aya di Kecamatan Majalaya Kabupatén Bandung sarta ngawanohkeun ka masarakat sangkan resep kana budaya.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan nu bisa dihontal dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngadéskripsikeyun:

- 1) Sejarah, fungsi dan tujuan kesenian Terbang buhun di Kecamatan Majalaya.
- 2) Pakakas jeung prak-prakan kesenian Terbang buhun di Kecamatan Majalaya.
- 3) ajén éstética anu nyampak dina kesenian Terbang buhun di Kecamatan Majalaya.
- 4) unsur sémiotik nu nyapak dina kesenian Terbang buhun di Kecamatan Majalaya.
- 5) larapna hasil panalungtikan kesenian Terbang buhun dina wangun artikel dijadikeun alternatif bahan pangajaran maca artikel budaya di SMA.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Téoritis

Mangpaat teoritis tina ieu panalungtikan nyaéta bisa ngeuyeuban jeung nambahana pangaweruh ngeunaan khasanah budaya Sunda, sarta bisa maham kana kesenian *terbang* hususna pikeun maluruh ajén budaya anu nyampak dina kesenian *terbang* di kecamatan Ibun Kabupaten Bandung.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Ieu panalungtikan ogé miboga mangpaat praktis. Éta mangpaat praktis téh didadarkeun saperti ieu di handap.

- a. pikeun panalungtik, dipiharep bisa nambahana pangaweruh kana tradisi lokal nu aya di masyarakat Sunda salah sahijina nyaéta *Kesenian Terbang*.
- b. pikeun masyarakat Majalaya, Ieu panalungtikan dipihareup bisa nambahana kareueus kana budaya nu dipimilikna, nyaéta *Kesenian Terbang*.

1.4.3 Mangpaat Isu jeung Aksi Sosial

Mangpaatna nyaéta méré pangaweruh ka sakabéh pihak ngeunaan kesenian terbang nepika bisa jadi pangdeudeul keur lembaga-lembaga formal atawa non-formal pikeun ngawanohkeun jeung nalaah kabudayaan di wewengkonna sorangan.

1.4.4 Mangpaat kawijakan

Pikeun kamekaran kabudayaan di wewengkon kabupatén Bandung ogé pikeun agenda pamaréntah dina hal kabudayaan nu dilaksanakeun ku Dinas Kabudayaan kabupatén Bandung. Anu ahirna bakal mangaruhan kana eksistensi ieu kasenian terbang.

1.5 Raraga Tulisan

Raraga nulis dina ieu skripsi nyaéta:

BAB I Medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, identifikasi jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panlungtikan, jeung raraga tulisan.

BAB II Medar ngeunaan tiori kesenian terbang, ajén éstétika, sémiotik jeung bahan pangajaran maca.

BAB III Medar ngeunaan lokasi jeung sumber data panalungtikan, desain panalungtikan, tahap ngumpulkeun data panalungtikan, jeung analisis data panalungtikan.

BAB IV Medar ngeunaan kesenian terbang, pedaran ngeunaan kesenian terbang, pedaran ajén éstétika nu nyangkaruk dina kesenian terbang, unsur sémiotik dina kesenian terbang jeung pedaran dina pangajaran maca.

BAB V Medar ngeunaan kacindekan tina panalungtikan nu geus dilaksanakeun sarta saran nu nyusun pikeun lajuning laku kana ieu panalungtikan.